



Pou Piblikasyon Imedya: 08/07/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE NEW YORK PRAL EGZAMINEN WÒL  
POTANSYÈL IDWOJÈN VÈT KA JWE NAN KAD ESTRATEJI GLOBAL POU  
DEKABONIZASYON AN**

*Eta a ap kolabore ak Laboratwa Enèji Renouvlab Nasyonal ak lòt patnè pou yo etidye aplikasyon posib idwojèn vèt, etan yo mete 12.5 milyon dola disponib pou solisyon estokaj enèji pandan yon bon bout tan*

*Pwojè demonstrasyon ki an tèt nan endistri a pral evalye wòl potansyèl idwojèn vèt ka jwe nan ranplasman kabiran fosil ki soti nan pwodiksyon enèji ak nan rediksyon emisyon gaz a efè sè*

*Anons lan soutni objektif Gouvènè Cuomo genyen pou redui emisyon yo jiska 85 pousan disi 2050 jan sa mansyone nan Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke New York planifye pou l egzaminen wòl potansyèl idwojèn vèt ka jwe nan kad estrateji global dekarbonizasyon Eta a. Pou soutni efò sa a pou etidye idwojèn vèt ak miz ann aplikasyon pwobab li yo, eta a ap kolabore ansanm ak Laboratwa Nasyonal Enèji Renouvlab la, nan nan asosyasyon ak de òganizasyon ki mete fokis sou idwojèn, pou bay enfòmasyon sou priz desizyon Eta a e l ap mete 12.5 milyon dola disponib pou finansman teknoloji estokaj enèji pou yon bon bout tan ak pwojè demonstrasyon yo ka gen idwojèn vèt ladan yo. Anplisdesa, Otorite Enèji nan New York, an kolaborasyon ak Electric Power Research Institute (Enstiti Rechèch Kouran Elektrik) la, General Electric ak Airgas ki se founisè idwojèn, pral antreprann yon pwojè demonstrasyon ki an tèt nan endistri a pou idwojèn vèt nan izin gaz natirèl NYPA a ki nan Long Island pou evalye wòl potansyèl resous nan ranplasman kabiran fosil pou pwodui enèji. Nan fen pwojè akoutèm sa a, y ap pataje rezilta evalyasyon ke omològ yo egzamine ak endistri a e ak piblik la yon fason pou ransèyman kle yo kapab enfòme efò k ap fèt pou dekarbonizasyon an. Anons sa a apiye objektif Gouvènè Cuomo genyen pou redui emisyon yo a 85 pousan disi 2050, jan sa endike nan Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a.

**Gouvènè Cuomo te deklare,** "New York jouk devan sou wout la pou pwoteje anvivònman an ak konbat chanjman klimatik. "Yon pati nan efò n ap kontinye fè yo ap sèvi kòm yon egzanp pou lòt eta ak lòt nasyon yo swiv. Pandan n ap fè tranzisyon pou pase nan yon ekonomi enèji pwòp, n ap egzamine chak resous ki disponib kòm yon zouti potansyèl pou n lite kont chanjman klimatik ak dokiman sa nou jwenn pou n

pataje nan kad echanj nasyonal e global yo, konsa nou ka bati yon avni pi briyan, yon avni ki pi ekolojik pou tout moun."

**Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare,** "Efò New York ap fè ki alatèt nan peyi a pou fè tranzisyon pou pase a yon ekonomi pi pwòp, pi vèt la, gen ladan l, egzaminasyon tout opsyon enèji renouvlab ki disponib yo. "Inisyativ sa a pral ede New York bay egzanzp pou etidye idwojèn vèt ak itilizasyon li yo nan kad estrateji dekarbonizasyon nou an ak efò pou diminye emisyon yo epi kreye yon avni ki pi dirab pou tout moun."

Idwojèn vèt, idwojèn yo pwodui apati enèji renouvlab ki enkli enèji ewolyèn, enèji solè, enèji idwo-elektrik, gen potansyèl pou dekarbonize sektè difisil nan ekonomi an. Nan kad efò Eta a ap fè pou evalye wòl potansyèl idwojèn vèt jwe nan efò dekarbonizasyon nan tout ekonomi an, Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji nan Eta New York yo ap dirije yon gwo efò ak enplikasyon pati prenan yo pou jwenn epi pataje konesans ak konpreyansyon sou sipò resous sa a ta ka bay pou satisfè objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a atravè plizyè sektè. Enplikasyon pati ki konsène yo te kòmanse nan mwa Desanm 2020 nan yon "Atelye Dekarbonization an Pwofondè" ke NYSERDA ak Depatman Konsèvasyon Anviwonman Eta New York te òganize.

Yon apwòch pi detaye e pèmanan pral kòmanse ak yon atelye siplemantè epi yon atelye odisyon ke y ap prevwa pou otòn sa a. Yo pral sèvi ak sesyon an pou ede NYSERDA konprann kijan pou li elaji angajman pati prenan yo pou asire ke evalyasyon siplemantè pou pakou, opòtinite ak defi pwodiksyon ak itilizasyon enèji vèt yo andedan tout sektè yo enkli konsiderasyon tout pèspektiv pati prenan yo, ki gen ladan òganizasyon jistis anviwònman ak kominote yo. Apwòch Eta a ki gen plizyè aspè, ki global pou konprann ak egzamine wòl potansyèl enèji vèt ka jwe nan reyalizasyon objektif Lwa sou Klima yo enkli:

### **Etid Estrateji New York sou Idwojèn**

NYSERDA pral kòmanse yon etid estrateji sou idwojèn an kolaborasyon ak Laboratwa Nasyonal Enèji Renouvlab la, pou regwoupe enfòmasyon ak done debaz esansyèl ki pral pèmèt New York gen echanj ak dyalòg solid sou wòl idwojèn ta ka jwe nan plan dekarbonizasyon New York yo. Etid estrateji sa a pral mete yon aksan anpatikilye sou opòtinite ki toutotou idwojèn pou pozisyon estrateji idwojèn Eta a sou manda ki egziste pou 70 pousan elektrisite renouvlab disi 2030 ak 100 pousan elektrisite pou zewo emisyon disi 2040. Ak sipò relasyon li gen avèk NREL ak Depatman Enèji Ameriken an, NYSERDA pral benefisye de ransèyman lokal, rejyonal, nasyonal e global sou evolusyon idwojèn vèt pou ede gide oryantasyon ak priz desizyon Eta a.

### **Pwojè Demonstrasyon Idwojèn Vèt NYPA**

Yon pwojè demonstrasyon ke NYPA ap dirije, ki pa sanble ak okenn lòt, pral etidye potansyèl sibstitisyon idwojèn renouvlab pou yon pòsyon gaz natirèl ke yo itilize pou pwodui enèji nan Santral Elektrik Brentwood (Brentwood Power Station) NYPA ki nan Long Island. Ekip pwojè a pral evalye diferan konsantrasyon idwojèn ki melanje ak gaz

natirèl nan entèval ki regilye e li pral evalye efè melanj lan sou rediksyon emisyon gaz ak enpak anviwònmantral li genyen nan tout sistèm li yo, ikonpri emisyon oksid azòt. Pwojè a ap kòmanse ann otòn 2021 e yo prevwa l ap dire sis a uit semèn.

Santral la, ki gen yon tibin ki degaje konbistyon GE LM-6000 ke gaz natirèl alimante nan moman an, te antre an sèvis ann ete 2001 pou ogmante kapasite pwodiksyon enèji lokal la pou Long Island ak Vil New York pou antisipe yon potansyèl mank enèji pandan sezon ete a. GE gen plis ke 6 milyon èdtan fonksyonman ak plis pase 30 lane eksperyans nan itilize idwojèn ak lòt kabiran similè ki gen inite tèmik britanik (BTU) fèb.

NYPA pral dirije pwojè a an kolaborasyon ak patnè tankou EPRI, GE, Sargent & Lundy, Airgas ak Fresh Meadow Power. EPRI pral ede nan konsepsyon ak evalyasyon teknik pwojè a. Antanke fabrikan ekipman orijinal tibin gaz yo, GE pral founi yon sistèm melanj idwojèn/gaz natirèl modèn e l ap soutni egzekisyon ak planifikasyon pwojè a. Sargent & Lundy, k ap jwe wòl enjenyè anchèf pou pwojè a, pral founi revizyon detaye sou planifikasyon ak sekirite pwojè a. Airgas se founisè idwojèn renouvlab e Fresh Meadow Power pral founi sistèm konsepsyon kanalizasyon, apwovizyonman materyèl ak sèvis enstalasyon pou pwojè a.

### **Patisipasyon nan Gwoup Nasyonal ak Mondyal ki Fokis sou Idwojèn**

#### **Asosye avèk Sant pou Sekirite Idwojèn la:**

Pou asire ke Eta New York an premye plan nan sekirite idwojèn, NYSERDA asosye l ak Sant pou Sekirite Idwojèn (Center for Hydrogen Safety), ki se yon kominote mondyal ki gen plis pase 75 patisipan gouvènman, endistri ak laboratwa nasyonal ki sipòte ak ankouraje sekirite idwojèn ak pi bon pratik nan tout mond lan atravè aplikasyon endistriyèl ak konsomatè yo nan transfòmasyon enèji. Antanke manm, NYSERDA ap gen aksè dirèk ak meyè pratik sekirite mondyal sou idwojèn, sesyon fòmasyon ak materyèl fòmasyon, e yon gwoup ekspè nan sekirite ki disponib pou egzamen sou sekirite pwojè demonstrasyon yo.

#### **Asosye avèk Patenarya Rechèch Kolaboratif HyBlend:**

NYSERDA asosye avèk Patenarya Rechèch Kolaboratif HyBlend (HyBlend Collaborative Research Partnership) lan tou ki gen sis laboratwa nasyonal, kenz patnè inivèsitè/endistriyèl ke NREL ak Stony Brook University ap dirije ansanm. Patenarya nasyonal sa a pral kreye yon bazdone pou pèmèt New York gen aksè ak itilizasyon enfrastrikti ki egziste pou idwojèn ak pou devlope prensip jeneral nan fonksyonman sistèm distribisyon melanj idwojèn/gaz natirèl.

### **Long Duration Energy Storage Program Pwogram Estokaj Enèji Alontèm**

Finalman, NYSERDA ap ankouraje devlopman pwodui ak pwojè demonstrasyon nan estokaj enèji ki dire plis ke sis èdtan, ke yo konnen tou sou non LDES, l ap mete yon fon ki apeprè 12.5 milyon dola disponib nan Pwogram Ogmantasyon Enèji Renouvlab ak Inovasyon Estokaj Enèji. Soumisyon pwojè yo dwe fè pwogrese, devlope oswa teste sou teren an teknoloji estokaj idwojèn, elektirik, chimik, mekanik oswa tèmo-

elektrik, pou fè fas ak pwoblèm depans, pèfòmans ak entegrasyon enèji renouvlab nan Eta New York. Soumisyon yo dwe gen ladan yo sèlman nouvo teknoloji estokaj enèji alontèm ki poko komèsyalize. Y ap bay prim yo pou kategori pwojè sa yo: etid preliminè, devlopman pwodui, pwojè demonstrasyon an plizyè etap ak pataj frè federal.

Y ap aksepte pwopozisyon yo nan twa tou jiska jen 2022. Gen plis detay sou solisasyon sa a ki disponib nan [sitwèb NYSERDA a](#), avèk tou kondisyon pou soumèt pwopozisyon.

**Doreen M. Harris, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYSERDA, te deklare,** "N ap egzaminen aktivman tout teknoloji ak opsyon pou nou atenn objektif nou genyen pou chanjman klimatik Eta nan kad CLCPA nou vrèman kontan elaji konesans nou anpatikilye sou aplikasyon idwojèn. Soutni inovasyon ak etidye nouvo teknoloji enpòtan pou rete sou tout dènye solisyon ap evolye ki pral apiye efò dekarbonizasyon nou yo ki deja egzistee travay Konsèy Aksyon Klima pou asire ke New York gen yon sistèm enèji ki fyab e rantab."

**Gil C. Quiniones, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYPA, te deklare,** "NYPA pral premye sèvis piblik nan eta a pou fè yon pwojè demonstrasyon ki vize evalye fezabilite teknik eksplwatasyon enstalasyon pwodiksyon enèji ki deja egziste ak yon melanj idwojèn ak gaz natirèl. Idwojèn ka gen potansyèl pou li youn nan zouti nou itilize pou ede Eta New York atenn objektif lidèchip klimatik anbisye li yo pou li gen yon sisèm elektrik ki san kabòn. Pwojè sa a pral ede nou evalye vyabilite idwojèn vèt nan dekarbonizasyon pwodiksyon kouran."

**Basil Seggos, ki se Komisè Depatman Konsèyasyon Anviwònman Eta New York la, te deklare,** "Jodiya, Eta New York anonse yon pwojè nasyonal pou etidye idwojèn vèt ak potansyèl li yo pou avanse nan teknoloji ki gen mwens kabòn pou pwodui enèji. Ekspè endistriyèl yo ap devlope solisyon syantifik depwent pou redui emisyon gaz a efè sè yo. DEC fyè de wòl li nan fè pwomosyon pou ajanda klimatik anbisye New York la. Nou enpasyan pou n kontinye pwogrè remakab New York reyalize nan lit kont chanjman klimatik pandan l ap kite lasyans dirije desizyon ak politik yo."

**Senatè Kevin Parker, ki se Prezidan Komite Enèji ak Telekominikasyon an te deklare,** "Eksplorasyon idwojèn vèt antanke yon pati potansyèl nan apwòch an plizyè etap pou dekarbonizasyon an se yon demach entelijan. Pou New York reyisi nan tranzisyon pou gen yon ekonomi enèji pi pwòp, dirab, nou dwe etidye nouvo resous enèji potansyèl. ki genyen yo. Anons jodi a vle di ke New York angaje nan chèche mwayen inovan pou atenn objektif anbisye ki tabli nan Lwa sou Klima. Ansanm, inisyativ sa yo reprezante kreyativite nou bezwen pou atenn objektif agresif nou genyen pou klima."

**Manm Asanble Michael Cusik, ki se Prezidan Komite Enèji Asanble a, te deklare,** "Anons jodi a se yon gwo etap nan pwosesis dekarbonizasyon Eta New York la. Nan pousuiv ak objektif anbisye pou nou genyen enèji pwòp yo, li enpòtan anpil pou nou egzaminen tout posiblite e pou nou eksplòre potansyèl tout fòm enèji altènatif yo genyen. Idwojèn vèt se yon resous ki plizomwen ineksplwate ki gen potansyèl pou

founi ase enèji vèt ak redui emisyon yo de fason siyifikatif. Antanke yon eta, nou adopte yon apwòch responsab e pratik etan nou kòmanse fè yon etid fòmèl sou potansyèl la e nan lanse yon pwogram pilòt ke nou pral analize pou asire nou ke nou entegre Idwojèn vèt defason efikas nan rezo enèji nou an."

**Martin Keller, ki se Direktè Laboratwa NREL, te deklare,** "NREL enpasyan pou li kolabore ak NYSERDA nan etid enpòtan sa a pou soutni objektif dekarbonizasyon New York la. Idwojèn renouvlab gen potansyèl pou l jwi yon wòl enpòtan nan avni enèji nou an e rechèch sa a pral founi yon baz solid pou prevni epi rann avni sa posib."

**Arshad Mansoor, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral EPRI, te deklare,** "EPRI angaje pou ede kominote nan tout monn lan reyalize objektif odasye yo genyen pou rediksyon kabòn de fason rezonab e efikas. Patenarya tankou pwojè prensipal NYPA esansyèl pou fè pwogrese teknoloji idwojèn yo e pou pwopoze solisyon pou gen enèji ki pi pwòp, soti New York rive Tokyp."

**Scott Strazik, ki se Direktè Egzekitif Jeneral GE Power, te deklare,** " GE fyè pou l kolabore ak NYPA, EPRI ak lòt patisipan nan pwojè a pou avanse ak itilizasyon teknoloji pwodiksyon enèji ki fèt ak gaz ki pa gen anpil kabòn andedan yon pwojè demonstrasyon idwojèn vèt. Lè nou itilize kabiran idwojèn pre-konbisyon pou diminye emisyon kabòn, n ap gen avans yon deseni pou nou dekarbonize endistri pwodiksyon enèji ak lite kont chanjman klimatik. Nou enpasyan pou nou mete an pratik plis ke 80 lane ekperyans nou genyen nan devlopman tibin gaz—sa gen ladan sis milyon lè fonksyonman nan itilize kabiran altènatif ki gen fèb pouvwa kalorifik tankou idwojèn—pou akselere yon avni enèji fyab, aksesib e dirab."

**Michael J. Graff, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral American Air Liquide Holdings, Inc., Vis Prezidan Egzekitif Air Liquide Group e Prezidan Konsèy Administrasyon Airgas, te deklare,** " Airgas, yon konpayi Air Liquide, e plis pase 400 anplwaye Airgas ak Air Liquide nan Eta New York nou yo, fyè pou nou soutni objektif eta vle atenn pou gen zewo emisyon disi 2050. Nan kad objektif dirab nou yo, nou pataje menm angajman pou nou atenn objektif netralite kabòn disi 2050, ki se yon objektif ki apiye anjeneral sou plis ke 50 lane ekperyans nou genyen nan metriz ansanm chèn valè idwojèn. Aprann de ekperyans sa a, bòkote ekip ameiken e lidè mondyal nan domèn enfòmasyon, inovasyon ak investisman nan enèji abaz idwojèn, nou fyè pou nou ofri kliyan nou yo dè solisyon dirab, tankou idwojèn renouvlab, pou satisfè pwòp objektif klima yo a ak devlope ansanm yon sistèm enèji pi pwòp, pi sekirize, pi fyab. Nou kwè ke idwojèn se yon faktè solid nan tranzisyon enèji a e nou enpasyan ou nou pousuiv kolaborasyon nou an pou nou atenn objektif Eta New York la."

**Paul Eiden, ki se Vis Prezidan Prensipal Sargent & Lundy, te deklare,** "Sargent & Lundy kontan soutni NYPA ak EPRI nan premye pwojè demonstrasyon konplè peyi a nan transfòmasyon enstalasyon pwodiksyon enèji ki egziste pou fonksyone ak kabiran abaz idwojèn. Ak plis pase 130 lane ekperyans nan domèn enèji, nou te patisipe nan plizyè inogirasyon endistri Tranzisyon pou ale nan idwojèn sa a se yon lòt avanse teknolojik pou endistri a. Kabiran abaz idwojèn yo pral pèmèt estasyon ki egziste yo

retounen an premye plan nan endistri a pandan l ap redui emisyon gaz a efè sè yo. Travay nou fè pou nou pote kontribisyon nou nan òganizasyon patnè ki nan pwojè sa a te yon gwo solisyon pou ekip idwojèn Sargent & Lundy a."

**John Valvo, ki se Vis Prezidan Fresh Meadow Power, LLC, te deklare,** "Fresh Meadow Power fyè pou li yon patnè annantye nan Otorite Enèji New York, osi byen ke lòt manm nan ekip la, sou pwojè fezabilite inovan pou melanj gaz natirèl ki fèt ak idwojèn vèt pou pwodiksyon enèji. Antreprenè nan sèvis konplè, FMP espesyalize nan ni nouvo konstriksyon ak sèvis mentnans/arè santral elektrik konvansyonèl ak ni ko-pwodiksyon tout tip operasyon endistriyèl konsiderab yo. Nou fè konstriksyon, mentnans e nou bay sèvis konèks yo pou tout sistèm enèji mekanik yo. Konesans pratik nou genyen nan enstalsyon NYPA nan Sidès New York pèmèt FMP founi repons rapid, yon konesans sou atizana lokal Inyon an ak yon lojistik amelyore pou moun, zouti ak ekipman."

**Mario Cilento, ki se Prezidan AFL-CIO Eta New York, te deklare,** "Li esansyèl ke New York envesti nan sous enèji pwòp pou pwoteje anviwonman ak kreye yon meyè monn pou timoun nou yo epi idwojèn vèt se yon potansyèl rich ke yo pa eksplwate. Sou baz objektif rediksyon emisyon davans ane sa a avèk nòm mendèv ke nasyon an jere, ki enkli salè anvigè, Buy American ak travay lapè, idwojèn vèt gen potansyèl pou kreye dè milye anplwa ekselan ki nan sendika andedan sektè konstriksyon, sèvis, enèji ak transpò. Mwen felisite previzyon Gouvènè Cuomo fè nan egzaminen wòl idwojèn ka jwe nan avi Eta New York."

**John J. Murphy, ki se reprezantan entènasyonal United Association of Plumbers, Pipefitters and Sprinklerfitters, te deklare,** "New York ap bay egzanp nan itilizasyon sous enèji pwòp ak sous enèji renouvlab pou prezève anviwonman ak pwoteje planèt la, e idwojèn vèt se pwochen etap potansyèl nan efò k ap fèt la yo. Eta ap pran mezi ki enpòtan ak deklarasyon sa a pou konsidere idwojèn vèt kòm yon pati nan estrateji dekarbonizasyon li a, epi etan l ap fè sa li ka founi yon tranzisyon ki jis pou dè dizèn milye gason ak fanm nan NY ki konstui enstalasyon pwodiksyon enèji. Apwòch a plizyè dimansyon li a ap asire ke nou kapab benefisye meyè pati nan investisman nou an. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou lidèchip li sou kesyon kritik sa a e mwen paka tann pou m wè kijan idwojèn vèt la kapab amelyore eta nou an pou de bon."

### **Plan Klimatik Nasyonal Eta New York la**

Ajanda sou klima Gouvènè Cuomo a, ki alatèt nan peyi a, se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki jis nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lwa atravè lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elektrisite zewo emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an. Li chita sou investisman san presedan ke Eta New York la te reyalize pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 21 milya dola nan 91 pwojè enèji renouvlab ki fèt sou gran echèl nan Eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou



devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, investisman sa yo pèmèt kenbe plis pase 150,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2019, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a disi 2035. Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, New York pral bati sou pwogrè sa a epi redui emisyon gaz efè sèr yo nan 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan investisman enèji pwòp pou benefisye kominote defavorize yo ak avanse pwogrè nan direksyon sib efikasite enèji eta a nan 2025 pou diminye konsomasyon enèji sou sit pa 185 trilyon BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

### **Konsènan NYSERDA**

NYSERDA, yon kòporasyon enterè piblik, ki ofri enfòmasyon ak analiz objektif, pwogram inovasyon, espètiz teknik, ak finansman pou ede moun New York ogmante efikasite enèjetik, ekonomize lajan, itilize enèji renouvlab, epi diminye depandans yo sou kabiran fosil. Pwofesyonèl NYSERDA yo travay pou pwoteje anviwònman an epi kreye anpil djòb enèji pwòp. NYSERDA ap devlope patenarya pou fè avanse solisyon enèji inovan yo nan Eta New York depi 1975. Pou aprann plis sou pwogram NYSERDA yo ak opòtinite finansman yo, vizite [nyserda.ny.gov](http://nyserda.ny.gov) oswa suiv nou sou [Twitter](#), [Facebook](#), [YouTube](#), oswa [Instagram](#).

### **Konsènan NYPA**

NYPA, ki se pi gwo òganizasyon elektrik piblik eta a ki nan nasyon an, ap jere 16 etablisman ki ap jenere elektrisite ak plis pase 2,253 kilomèt sikwi liy transmisyon yo. Plis pase 80 pousan elektrisite NYPA pwodwi se enèji idwolik renouvlab ki pwòp. NYPA pa itilize lajan taks oswa kredi Eta. Li finance operasyon li yo apati obligasyon yo vann ak revni li resevwa an gran pati atravè elektrisite yo vann. Pou w jwenn plis enfòmasyon vizite [www.nypa.gov](http://www.nypa.gov) epi swiv nou sou [Twitter](#) @NYPAenergy, [Facebook](#), [Instagram](#), [Tumblr](#) ak [LinkedIn](#).

###

Lèt nouèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)